

Pembantoe sareng agen: Priangan koelon Bestuur Pasoendan Bogor. di Tjandjoer Bestuur Pasoendan Tjandjoer. Priangan tengah H. B. Pasoendan Bandung

Pembantoe sareng agen: Priangan wetan Bestuur Pasoendan Tjiamis. Djawa wetan Bestuur Tjatang Pasoendan Soerabaya.

SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoean dikaloearheun koe Tjatang Pasoendan Tasikmalaja.

Ditjilakdi Soekhnera drukkerij Tasikmalaja.

LANGGANAN. 3 sasib f1,50 Dibajar ti pajoen. Salambar 15 sen.	Redactie: Heerenstraat 31. Administratie: Stationsweg 33 Tasikmalaja.	Redakteur: SOETISNA SENDJAJA ATMAWINATA Redakteur di Batawi SOERADIRADJA.	Directie: Administratie: Bestuur Pasoendan Tasikmalaja	Tjagaos ADVERTENTIE: 1/16 katla f 2,- 1/32 " f 1,25 Sakali mozat Langganan langkoeng mirah.
---	--	---	--	--

Koropak.

Djrg. I. Tjiamis. Langkoeng sate eta patarosan-patarosan dihatokeun ka redactie Al-Imtial. Oepami teu kereseun nampi, engke nemoa dina Sipatahoenan.

Djrg. di Garoet djenengan ka redaksi kedah disebut (adres satjoe-koepna). Lantaran teu nganggok kateangan, panarosan andjeun ka Djrg. Wadana Boengboelang, hal artos oeroran, noe ditarik ti suerangna f0,15 djaman bade ngadamel sasak. teu tiasa dilebetkeun.

Djrg. Toenggol Sindangbarang. Oepami kadjadian sapertos noe digoeit koe djrg. kedah dilebetkeun, her atoh seueur temen lebetkeuneun. Keun bae ari parantos ditjap dina tarangna mah. Sakitoe oge kawasna tjekap, hoekoemanana noe sok daek ngahina ka pam batoer.

Djrg. Di. Soemedang. Pieeeng ampleng-amplengan. Koemaha wartosna? Djrg. K. S. Oesthoek. Diantos.

Djrg. A. S. Indramajoe. Teu atjan katampi. Naha iraha dikintoekeunana?

Djrg. Eloj Betawi. Pirakoe!

Hal reboet bener bab agama, parantos tjekap. Parantos bae.

P. E. B. nintjak tjangkang tjaoe.

Barang matja verslag koempoelan pabrik-pabrik goela djung toean Tjandjoer, noe diaspekeun kana Sipatahoenan minggoe toekang, sangkaan geus moal sak deui, tangtos bakal tjektjek.

Boekti pisan geuning ajeuna di Volksraad oge sakitoe hoghagna.

Lain ajeuna bae P. E. B. djadi toetoe saer Kembang tjartana, kapak katoekang-toekang oge ukitoe keneh bae. perkara ngitjok menta toeloeng ka me balauhar. Moal samata-mata mere moe teu aja noe dipalar. Golongan dagaug lebah noe kitoe tangtos asih pambrih, "voor wat, hoort wat"

Ajeuna deui 20 rebos keur naon?

Keur propaganda, seopaja engke noe arasoep djadi elid raad kaboepaten djung Province kaom P. E. B. bae, woengkeul. Ari koe hawek onaman, batoer pelah kabagean tempat, teu naon-naon, da poegoeuh milikna manoesa, noe kapoerba kawisesa koe napsos; tjatjakon orang oge meureun, moen bisa noe djadi lid di oenggal tempat teh koedoe kaom saihwan oerang bae. Ngan eta djalanu pikeun nepikeun kana maksod, koedoe makte djan reugendjeung, oelah tjara P. E. B. Djawa wetan, nepi ka rek ogeber biatang.

Dalem dalem rek diolo, rek diosol, diempok-empok koe perhasan, tjindekna rek ditjoo; didjieun paratob, kawas ka boedak, rodek heloes.

Meudjehna pisan oepama noe djadi Boepati merangan eta verslag, lantaran koe eta verslag, tangtos raba-jat djadi koerang kapertjajaanana ka noe ti loehoer, da kitoe laturanana.

Djadi koe djelema noe moeung bintang djung noe mere hintaug, tangtos disambaroetkeun djung P. E. B. djung J. S. W. B. (pabrik pabrik goela), hartina djung ouder-nemersbelang (kaperloean noe balauhar), noe meh salawasna patjoug-kadun djung kaperloean noe leutik. Atoeh lain matak daek babarengan digawe atawa matak sina djadi hidji sakalah rahajat Indonesia, sakoemaha maksodna P. E. B. leu mah nitah

paketrok. Geura engke mah terkadang-kadang aja basa Dalem P. E. B. Toeroeg-toeroeg keketjapana dina vergadering matak teu ngounah ka bangsa priboeimi. Geura koemaha tjek verslag? Nepi ka wani njeboetkeun oelah kaget di kalangan priboeimi loea dooit leungit, da anggapanana beda deul djung oerang koelon kana bobagan batoer. Koe ieu omongan 'teh kabeh oerang priboeimi kababoeok: Dalem-Dalem oge kawawa, da arandjeunna oge bangsa priboeimi. Noe matak panotes di Volksraad rea noe "protest" oge. Tjajakan moen koering mah, ngosap birit bari indit teh, moal tinggal omongan, djung boektina!

Toean Engelenberg. Voorzitter Hoofdbestuur P. E. B. ngabedege! nampik, teu roemasa dibawa badami, hal ieu. Bisa djadi.

Ngan, moen teu salah, dina verslag diseboetkeun, jen sagala noe didjalankeun koe P. E. B. Djawa wetan, koe Hoofdb. sok ditjotjogan. Oge Mr. Dr. Talma loeloege goela, di volksraad, njeboetkeun, ngan roemasa rek merangan Communisme, teu aja maksoed sedjen. Nadjan nampik sapeleoh nampik oge P. E. B. geus nintjak tjangkang tjaoe, tisoledat. Abong moen masih keneh loba noe pertjaja.

Sawadina oerang, oelah sok haripent teuing, ari aja koempoelan tjara "Djamiatoel Hasanah" teh. Geuning ari ngaran sakitoe aiesna, ari boektina mah badis bae bebegig P. E. B. Dicesikkeun, diobakheun koe loeloege noe dibajar koe P. E. B.

Noe matak sing ati-ati oelah heroj koe pangola, da batoer mah poegoeuh oge sakitoe moerana nepi ka sanggoep rek mangmentakeun noe sok diparake dina dda geuning. Be-roehna, sangkan beuki getol koemawolana, mangdigawekeunana ka P. E. B.

Ana oerang koerang talitina, engke oerang lingloeng moal njaho djan geusan balik, kabengkeut koe kamegahan. Asa moelja, tapi boektina boedjang maloeloe.

Non Cooperation.

Hantja Djrg. Otto Soebrata.
 Bab ka genep, nja eta, anoe enggeus djaradi lid djung pitakaleun lid, tina sagala Raad anoe diajakeun koe pamarentah. Anoe geus djaradi lid koeloe euren (kaloear). Anoe bakal djadi lid (Candidate) oelah daek didjadikeun. Toekang' milih (kieze) oelah daraek milih.

Dina antawis 637 tempat pilihan (verkiezingen), moeng di 6 tempat bae, anoe henteu aja pilihan sareng pihenteu teh.

Bab ka opat, nja eta, rek ngadegkeun Raad-Raad pangadilan anoe bari moerosekeun sagala patjoregan somah, djung Advocaat-Advocaat bangsa priboeimi, oelah daek miloe tjampoe kana Raad-Raad pangadilan anoe diajakeun koe pamarentah.

Bab ieu mah, saeutik pisan anoe noeroetkeun sarta ngadjalaukeun. Kitoe oge moeng Advocaat-Advocaat anoe sararogeh bae, anoe henteu sakamaha perloena gaduh padamelan pikeun kahiroepanana (pagoepa djawa).

Bab ka lima, nja eta, soldadoe-soldadoe, goeroe-goeroe agama, djung koeli-koeli oelah daraek digawekeun di Mesopotamie. (Bagdad) doemeh keur aja peperangan tea.

Bab ieu mah, kenging diseboetkeun

henteu kadjadian bae, sakoemaha anoe dipikahayang teh.

Doepi bab ka doea sareng ka toedjoe mah nja eta, pepestaan karadjaan moal rek dilaladjan atawa didaratangan sareng oelah narima (ngabakot) sagala barang-barang ti loear (babakoena pisan mah, ti nagara Inggris).

Ijeu anoe doea perkawis kenging diseboetkeun agoung oge. tapakna teh,

—o—

Dina ping 17 November (1922? Red.) Prius van Wales (poetra radja Inggris) sumping ka Bombay. Kenging disebut doegi poelohan rehoedjalma anoe ngahormat ka eta poetra radja, nalika andjeunna angkat ka geling Gouverneur. Kaiseraan di nagara eta keneh aja meeting anoe pohara ageungna.

Dua eta meeting (vergadering) Gandhi omat-omatan pisan ka sadja noe aja di dinja poma-poma pisan rek ngagugoe ka poetra radja, sibab eta teh koeloe dianggap doeloer. (Naon maksadna? Red.)

Sidjabina ti eta, dina vergadering Gandhi ngadardakeun naon anoe kedah didjalankeun, sareng njarioskeun naon pjaioekareunana, sareng uge moetkeun pisan tangtos bakal ngorbankeun diri.

Dua eta vergadering teh, rea dani tjariosan-tjariosan anoe matak pipanaseun, nepi ka matak ngentab kana hate anoe ngadengekeun. Kenging diseboetkeun tapakna eta vergadering teh "contant" pisan, nja eta, saeolbar-na djalma-djalma entas tina vergadering paamprik sareng djalma-djalma anoe entas ngahormat poetra radja tea, nja teu woedoe bae djadi goejeor saejeunan, daggangan-daggangan oerang Hindoe dimoet-moetkeun kana auto, papakean, lawon-lawon djung topi-topi roeatan Europa dirangsadan tina awakna sarta teroes didoerok. Ari toengtoengna mah rea djalma moe miloe riboet teu poegoeuh, lain hajang laksana anoe disedia, tapi miloe resep doemeh aja kariboetan.

Napsosna djalma-djalma teh woe woeh rosa bae, doegi ka meh leungit rasa kamanoesaan. Politie sareng soldadoe kapaksa kedah nembongkeun kakawasaanana, bari ngadjaga kaamanan, nanging katalahsoe teuing, doegi ka aja 50 djalma anoe moat sareng kirang langkoeng 400 djalma anoe tatje.

Teraskuneun.

Kaperloean Priboeimi.
 Waktoe-waktoe ieu teu atjan kadenteu koe noe leutik bedana pamarentahan atoeran anjar djung atoeran heubul. Ngan koe noe patjampoer sapopoer bae karasana teh meureun.

Beur sasae ma Kdj. Dalem Batawi, raad kaboepaten moal bisa walakaja ngeroeskeun kaperloean rahajat, da poegoeuh teu aja bekeln. Ari ta deui ta deui ka Marhaen mah atoech moal aja toengtoengna. Padjeg pirakoe padjeg! Kahasilan ti noe lian teu aja, djaba ti pasar mah. Ari beurna mah heug rada didjajan deui. Pasrahkeun ka kaboepaten anoe saka-dar aja hasilna keur njombo-njomro madjoena noe leutik. Meureun pagawean bangsa boebek leutik mah teu koedoe mertjajakeun bae noe ti loehoer.

Ari kahajag mah pagade, bang desa sok bibeun. Enja loba gawe, tambah gawe, tapi apobole boeat da aja boeroehna. Marhaen teh patani, hiroepna ngan tina tauah. Ari tanah teu djung tjai saroes djung heas teu didjedjo. Ari tjai dioeroes keuh koe batoer, henteu koe kaboepaten. Me-

Kawadjaban Marhaen.

Noeroetkeun art. 24 tina Regent-schapsordonnantie, sakabeh ontwerp (rarantjang) oendang-oendang djung begroting piteun hidji kaboepaten samemeh dibarempoegkeun koedoe aja di kantor kaboepaten djung di kantor kawadajaan-kawadajaan. Ari kataranganana koe basa Soenda djung koe basa Malajoe. Sing djelema, me-nak koering, meunang datang ka kantor-kantor noe diseboet bieu tea bari matja eta rarantjang-rarantjang. Tjing naon maksodna?

Ora lian djaba ti seopaja djelema njaho djung bisa nembongkeun kabujagna. Oepama aja kahajag, aja kapuasaran, bisa Marhaen tjajarita djung noe diwakilkeun koe manehna. Nja brektina lid raad kaboepaten. Aloes oepama daek noelis dina soerat kabar. Di dieu gawena soerat kabar teh.

Djadi ti ajeuna kahajag somah koedoe rada daek tetelepek, daek

djeuhna oepama teu pati kagerob teh. Boektina Tasikmalaja, geus mangtaoentaon menta tjai, tjan sok keneh bae.

Toer Tjandjoer tjaina loba. Tjeuk noe oeninga moal bangsa-bangsa teuing mengkolkeun tjai Tjandjoer, keur kaperloean reboe-reboe bae sawah ratoes-ratoes balong. Tjajakan oepama hal ieu dipasrahkeun ka kaboe-paten, heug di baroeng koe roepa-roepa noe bakal aja hasilna (noe geus diseboet di loehoer) tjindek boga piong koseunana herr geus koemaha mah oerang Tasikmalaja. Kitoe soteh tjeuk koering noe bodo. Lantaran bodo tea, teu terang kana technische bezwarenana, mani gilig noenoehoen seopaja hal irrigatie dipasrahkeun ka raad kaboepaten.

Tanah teu tjoekeup koe noe geus aja, terkadag kadag somahan sok marenta deui. Tapi djaba ti somah, seinah oge sok marenta keur kontra-kan. Tangtos pisan somah noe sok dimomerhidjikeun. Moen somah teu perloe make, kakara somah dibere. Biasana mameh dibikeun ka noe sedjen, Marhaen sok diadjak badami heula. Anoe tjotjog tea djung augen-angen koering; bener koedoe kitoe. Ngan handjakal sora ki Marhaen dina lemah noe kieu, doeka koemaha. bet sok harosoe, teu pati terang kadengana. Keur dipipir hawoe mah, ngaboestan djung Geleujo, hohoang, ngagugoekeun.

Abong letah teu toelangan.

De opmerking van den heer Heidstra (nl. dat gelden verdwenen zijn) gaat in het algemeen op voor de geheele Inlandshe Maatschappij, Inlanders hebben nu eenmaal een bijzondere opvatting van het mijn en dijn en verduisteringen, etc. zullen daar voorloopig wel blijven voorkomen", saer Padoeka kangdjeng Toean Tiedeman dina waktoe koempoelan bestir pabrik-pabrik goela.

Ari Soendana kieu: "Noe bieu ditjaritakeun koe toean Heidstra (nja eta dooit sok lalungitan) memang di kalangan bangsa priboeimi beunang diseboet geus galib, Bangsa priboeimi anggapanana kana "boga sorangan" djung "boga batoer" (t mijn en dijn) loear biasa, djadi ngabasilatkeun dooit (ngalungitkeun) djung djaba ti eta tangtos saeulanan aja bae"

Tjaba toeh, teu kireum-kireum! Kaget koering mah. Kaget koe kandi koelit heungeutna. Nja eta atroh, abong biwir teu diwengkoen, abong letah teu toelangan. Dapoe ngangah bae. Tjelengkeung! Teu diingetkeun rahent koe letah saka-peung sok leuwih njeri manan koe polang.

Kapan maksod omonganana. Padoeka Kangdjeng Toean Sekretaris Propagandist P. E. B. Djawa wetan teh lain ngahina? Ngahina siga oerang mah, perah salingkeu ahli hatudog? Lain omonganana teh ngandoeung maksod, ieu aing?

Naha geus poho ka Hoeflicommissaris v. politie Batawi, ka controleur noe njoelapkeun dooit make aja ratoes rebuena ka pirang-pirang perkara retourcommissie. ka ka wah pinoeoeoh Sipatahoenan moen ditataan!

Tara matja P. E. B. Djawa wetan, meh oenggal poe di Nagri loba perkara ngalengitkeun doer?

"De vlag dekt de lading", tjeuk baosan Walanda. Tapi saba noe njaho, barang noe didjaring koe eta bandera barang gelap.

Nja kitoe deui koelit bodas henteu salawasna tjiri ati soetji. Terkadag aja bodas di loear, ari galeuhna tjakentruk kawas leukur. Koe koering geus diseboetan.

Sipat djelema atawa bangsa masih kapoerba koe hawa napsos, moal leungit-leungit kagorengan. Kalakoemana Toean Tiedeman oge djung batoer batoerna koempoelan moal aja noe njeboet "ridderlijk" (sinatrian). Eta oge "duister gewoet". Ngan oentoeng kamoeu koe "Indonesische Studieclub".

Oelah ieu aing oejah kidol, kenakena. sih! Poegoeuh, oetuek tongo dina tarang batoer kanisohan, gadiah depa dina poendoeu teu karasa. Lain tjeuk paribasa andjeun oge "een splinter in eens anders oog wel zien, maar niet den balk in zijn eigen". Tjissss maloe!!

Gelenjoe.

toenjoe-tanja oelah tjameubleu bae. Tjing da geus dibere ombor, hajoh atoh leukeunan, oelah sok kadjeunan. Tjeuli didenglek-denglek tjan ngadenge naon-naon, oepama aja genah panasaran datang ka noe wadjab. Dimana teu narima kana poeroseanana datang ka kapertjajaan andjeun, badami.

Marhaen, Marhaen!

Kempelan sepoeh-sepoeh di Tasikmalaja.

Dina dinten Minggu ping 4 Juli 1926 di sakola H. I. S. Pasoendan Tasikmalaja bade diajakeun kempelan sepoeh-sepoeh noe kersa ngadangukeun koemaha djalanna soepados sepoeh sareng goeroe tiasa sasarengan didamel dina ngatik moerangkali.

Dina waktos eta Toean Hansen kapala sakola H. I. S. Pasoendan ajeuna bade njarios tina perkawis roepi-roepi, koe margi andjeunna ngawitan ping 30 Juni bade liren djadi kapala sakola Pasoendan.

Tina eta sadaja bae teu pilih-pilih dihatoeran soemping ka sakola "Pasoendan" ngawitanana taboeh 9 endjing.

Teu kinten bingahna oepami Bestuur Tjabang Pasoendan sanes sareng Hoofd-bestuur Pasoendac kersa soemping dina eta waktos.

Hoermatna

Bestuur Pasoendan Tasikmalaja.

Sakola Mulo di Tasikmalaja

Bestuur "Pasoendan" tjabang Tasikmalaja ping 8 Juni 1926 parantos njangakeun rekes ka Goepereuen soepados "Pasoendan" oepami di Tasikmalaja ngadegkeun sakola Mulo dipasihan subsidie. Taon 1925 Pasoendan parantos njangakeun rekes sapertos bieu moeng koe Pamarentah teu diwidian.

Di Tasikmalaja teh teu kinten perloena oepami diajara sakola Mulo, margi ti Priangan Wetan seueur pisan noe njakolakeun ka Mulo di tempat sanes, oepamina Bandoeng Oepami di Tasik Mulo tangtos noe sakola Mulo langkoeng seueur batan ajeuna, margi ongkosna mirah, nja eta teu kedah ngaloeakeun ongkos ngandjrek noe sakitoe abotna sapertos di Bandoeng. Boektina ajeuna "Pasoendan" nampi 461 serah kamoe-pakatan ti sepoeh-sepoeh di Priangan wetan noe bade ngaloeakeun moerangkaliha ka sakola Mulo noe bade diadegkeun koe Pasoendan" tea. Pirakoe soegan oepami taon 1927 "Pasoendan" teu kenging "goedkuring", (tawis panceudje ti Pamarentah). Tada teuing manawi bingahna sepoeh-sepoeh di Priangan wetan, oepami panceudje "Pasoendan" kalakonankeun.

Ajeuna mah sadajana bae di Priangan wetan disoehoeunkeun pangroena soepados Goesti Allah mapihan wahjoe ka Pamarentah, anggoeun mahisan "goedkuring" ka "Pasoendan" anggoeun ngadegkeun sakola Mulo partikoolir tea.

Panoengtoenganana ieu zarangan njoehoeunkeun ka noe djadi Panggoeng di Priangan wetan sadaja, moegi kersa ngalerekeun panceudje tea doegi ka hasil noe dimakad.

Hoermatna

Bestuur Pasoendan Tasikmalaja.

ENGGAL NGAGALEUN

"Wawatjan Wajang Poerwa" sac eusina, sac basana, sac dangdingna seueurna 1019 pada, pangaosna moeng f 1,25. Oentoengna tina ieu boekoe anggoeun Schoolfonds H. I. S. Pasoendan Tasikmalaja.

Meegi Rahajoe!

(Kritik benteu diantos)

Malem Abad 12-13 Juni 1926 di soos "Pasamaan Pasoendan" Bandoeng, aja pesta, teu woedoe gede, sanadjan abakoena keur elid-elid woengtkoel ge. Aja wajang golek, dalangna loekana ti Tjipatat.

Maksodna, mestakeun Djr. Oto Soebrata, lantaran andjeunna kapilih djadi gedeputeerde (wawakil atanapi oetoesan noe kapertaja) di Raad Provincie, djeung mestakeun bestuur soos anjar, oge pikeun kagoembiran elid-elid.

Poekoel 8 mimiti ngawajang, lalakon Ardjoena kawin ka Soembadra. Kamer men pinoeh pisan, oekoer aja savatara korai noe karosong (Taksiran dihadja, da rea djrg-djrg. noe ngaradeg). Djrg. -djrg. istri elid sareng bestuur, oge seueur noe saroemping ngawajingna rame, bneboelian dalang meunang ngahadja neangan.

Poekoel 9.45 ngawajang eureun heula, sabab djrg-djrg. bade njarios, hal pesta djeung bestuur soos anjar. (Bestuur-bestuur soos sareng Djrg. O. Soebrata di pajoen).

Djrg. Prawiradipoetra pangoroos (president) soos ngahatoerkeun noehoe ka noe saroemping, lantaran geus pada ngrsakeun mitjeun waktos pikeun ngaloeahan pesta, djeung ngawiloedjengkeun ka Djrg. O. Soebrata. Audjeunna ngaroes handjikal, lantaran Djrg. O. S. (Oto Soebrata) kapaksa kedah liren tina "onder-voorzitter" soos. Pikeun soos mah minangka leungiteun katoehoe. Tapi moedji soekoer, lantaran Djrg. O. S. djadi wawakil di Raad-Provincie. Per-tianteneun jen koe tanaga andjeunna Pasoendac: bennang diharep madjoe.

Djrg. Bakri oetoesan "Pasoendan" njamboeng saor, jen Djrg. Oto teh bener oge midamelna mah di djero Kamar (Kantor) noe maal sakoemaha gedena, tapi saenjara rea djeung bagga padamelanana teh. Disoehoeunkeun soepados oerang Soenda sami-sami, babarengan migawe reudjeung andjeunna. Hartina keda'keun naou noe pingeunahen, naou noe pitoegeaneun, soepaja dioeroes. Andjeunna pertjanteun wihed Djrg. O. S. baris merloekeun kaperloean Pasoendan, moedji soekoer, pedah kodjo Soenda madjoe nengah.

Djrg. Oto Soebrata nganoeheunkeun ka noe sami soemping reudjeung kana pangangkenna, lantaran nepi ka ngajakeun pesta sagala roepa. Sakoer noe pikadstjeun andjeunna sangge-meuun ngoroos, naou noe mangpaat pikeun rajat Pasoendan. Andjeunna roemaos djadi "Ambtenaar pikeun rajat". Lantaran maal salah deui, piraean padamelanana, njoehoeunkeun dima'loem, bisi aja kaperloean Soenda noe henteu (henteu boeroe - boeroe) katohonan. Malah satiasa-tiasa hujung "pahujuuk-beujeuk leungeun" (Daverend applaus).

Djrg. Prawiradipoetra noetoeop saor, ngawiloedjengkeun ka Djrg. O. S. sareng ka bestuur (soos) anjar, katoet elid-elidna, ngaraloeuut anggoer, dibarengan koe soerak tiloe kali.

Ngawajang teroes nepi ka isoek, rame eujeub, rea kawih pangwawaas djeung loeloejion pisaurieuun.

Mangga sadaja pramaos (lezers) oerang sami-sami neneda ka Goesti Jang Widi soepados Pasoendan madjoe, kokodjona dangah ka tengah.

Ieu kintoean minangka verslag, diserat saperloena, ngemoetkeun kana ageungna S. P.

M. A. Salmoen.

Kantor paranti neangan pagawean (Arbeidsbeurs) di Bandoeng. Verslag boelan Mei 1926.

Noe diasoepeun kana boekoe menta pagawean dina boelan Mei 1926 aja 86 bangsa Eropa, 128 bangsa Priboemi djeung 10 bangsa Tionghwa, djoemlah 224.

Noe boetoe koe pagawe sarta menta ka arbeidsbeurs aja 165. (96 tina advertentie).

Noe meunang pagawean 21 bangsa Eropa, 14 bangsa Priboemi.

Djoemlahna noe neungan pagawean ajeuna noe ditoeleiskeun dina boekoe aja 964, nja eta 394 bangsa Eropa 510 bangsa Priboemi 42 bangsa Tionghwa.

Noe menta katerangan dina milih pagawean aja 7 djelema,

Moega-moega oerang Priboemi noe neangan pagawean sing daek bebedja ka arbeidsbeurs, soepaja bisa kanja-hoan rea henteuna oerang priboemi noe teu baroga pagawean da teu koe-doe majar.

Aloena mah di oenggal tempat koedoe aja arbeidsbeurs.

Tina Ind. Coesent.

Hal gadjih di golongan Volkecredietwezen.

Dina Sipatahoenan No. 48, sim koering parantos matja karangan Djrg. K. W. A. nja eta njarioskeun hal kaliroe gadjih committee V. C. W.

di afdeeling Garoet.

Sim koering teh asa mobok mang-gil gorowong, eukeur mah ti tadina aja niat rek ngadadarkeun hal gadjih di golongan Volkecredietwezen, kari kari ajeuna aja noe ngadjalanna pisan. Namoeng noe bade ditjarioskeun koe sim koering ajeuna mah saues gadjih committee, namoeng Mantri Mantrina, anoe masih aja koneh dina rang katiloe (klas 3).

Mantri V. C. W. Sa. klas teh asalna pisan mah (ngaranna noe heubeul) Adspirant - Mantri, gadjihna saban boelan roepa-roepa, aja noe f 32,50 f 35,— malah aja noe f 40,— noeroetkeun koemaha lilana dienstijdna bae. Kiteo deui, djaba ti gadjih teh dibere oge tambahan toelage geusan ongkos djalan, saerangna rata-rata f 15,— Eta kabeh, nampana gadjih teh bareto mah lain ti 's Lands Kas tapi ti Afdeelingbank, tjara commit-teeur waktos ajeuna.

Noeroetkeun paparentahan ti Weltevreden (ti Adviseur V. C. W.) tjenah ajeuna koedoe diganti ngaranna, nja eta Mantri Sa. klas tea, entong Adsp. Mantri, sarta baris nampa gadjih ti 's Lands Kas, deui ajeuna mah soep kana rang Inl. Bestuursdienst Gan-tjangna dina boelan December moen teu salah, proeng bae divoorstel ka Karesidenan, dioenggelkeun gadjihna rata-rata koedoe f 37,50 saerangna. Teu koengsi lila-antara tiloe-opat boelan koeroenjoeng datang poetoetoesan katetepanana (besluit) tapi kaenggel gadjihna rata-rata kabeh . . . f 30,—. Eta teh, noeroetkeun rohahan gadjih ajeuna (nieuwe salaris regeling) koedoe sakitoe saerangna, tjenah.

Beu edaaaaas! Asa teu kaharti. Hiji Mantri koedoe saroea gadjihna djeung Committee onaman asa pira-koel! Keur naon atoech disoeboet Mantri? Tjenah eta ajeuna mah wang djalanna oge djadi f 20,—. Har, beuki teu oeni, nadjan f 50,— kapan ngaranna oge geus wang djalan lain gadjih, sri wang djalan tea tangtos bae kapake kana ongkos kaki dina waktos tournee ka loemboeng-loem-boeng djeung bank-bank desa. Toer eta oge sakitoe teh tatjan poegoeh pitjoekepeun!!

Djaba ti eta noe aneh teh eta deui lilana dienstijdn. Geura anoe dienstijdn prantos 20-21 taon, ari pek ajeuna disoeboetkeun kakara 8 taon, tjenah. Beuki njoetjoe, teu oeroesna teh.

Teu kaharti? Tjing Djoeragan manawi oeninga, njoehoeunkeun katera-ngan naon margina, noe mawi atoe-ran anjar teh teu oeni-oeni teuing. Noehoeun oepami Djoeragan Redactie Sipatahoenan oeninga hal ieu. Sae waleran bae, di handap ieu karangan.

A. S.

Garoet, datum postmerk.

Ngadegkeun roemah bola.

(Biantara Djrg. Wira Sendjaja.) (*)

Neda haksami ka sadajana, angoen-na ka pangagoeng (Kdj. Dalem) djem-baring ka para djoeragan, bade aja pihatoer saeutik tina perkawis, "pasamooan". Sajaktoena djis. koering mah moeng soekoe samboeng . . . nang-toeng biwir samboeng lemek, darma ngadogkapkeun badaratna bestuur tjab. Pasoendan bae.

Ieu perkawis oepami diemoet-emoet mah, asa teu kedah dibarempagkeun paos-paos, margi djiga parantos natrat pisan laratanana, namoeng sawadina bae bestuur bade ngoeningakeun koemaha emotanan tina hal ieu.

Parantos maal aja noe bireuk (kiteo soteh pikeun noe parantos oening), jen di dieu parantos mah mata-oen ngadeg deui tjabang Pasoendan, anoe teu kinten lindeukna, lindeuk sabeh ditoeun ti lindeuk, margi toedjoenanana (pamaksoedanana) sanes pisan bade sempad soempad, pojok-pinokok, namoeng bade mikanjaah lemah tjaina, bade ngahoedangkeun basana sareng bangsana, boh onder-wijsna, boh economiena atanapi sopan santoeana. Kanoe djadi pamarentah oepami tiasa (satiasa-tiasa) bade njang gakeun samenwerking, bade ngiring ngaping abdi-abdi, oepami kadada kadoega sarta katimbang baris aja piha sileunana. Ka bangsa anoe sanes atana-pi kempelan noe lian taja panginten soegaj-segaj, da teu hoentoe teu si-hoeng, teu sarat teu sorot, teu arta henseu harta.

Oepami aja tea mah noe neungteu-

inguan, bade dilawan koe tapakoer sareng moedjasmedie bae.

Di radjeunna kapaksa ngiring oeloe-bioeng kana bagbag ngabeujeuk da-jeuh ngolah nagara, maal pisan njang-keun afbrekende critiek, namoeng satiasa-tiasa opbouwende.

Sadajana tangtos pada taringali jen Psd. Tjandjoer ti moelaen ngadeg dongkap ka ajeuna kenging disebat hiroep di djalan, henteu gadoeh lemb-boer matoeh, bandjar karang pamidangan. Dina ajana kaperloean soe-tak-saeutik kedah roeng-rioeng, kiteo bae soerak serok diwana njang-sangna. Meueus leuheung oepami sa-pertos noe parantos-parantos aja noe haat, noe kerna Allah kersa ngampi-han, koemaha engke oepami toemiba saat noe waloerat, pisakoemahaueun katalajahna. Eukeur mah eukeur ka-kakara beuntas, atoech oepami angger bae kieu kaajaanana, hamo kaarah boehna.

Doepi bocah tarekah Pasoendan teh kaetang natan, seutik-saeutikeun tara soeda.

Tjontona bae geura: Woeri-woeri Psd. goedjroe njoehoeunkeun ngaleu-ngitkeun padjag, ajeuna bet aja bedja eta teh ti semet taon pajoen bade dimoesnakeun. Deui, woeri-woeri Psd. njoehoeunkeun soepnja abdi di noe aja pakeunna dipasihan tanah rawoeh modalna, djol ajeuna aja tjarios, jen di pakidoelan Tjandjoer bade ditjebi tjebi koe dep. landbouw 500 bae tje-nah sareng seueur-seueur deui.

Tah soepados tiasa toeloej toemoeloej kiteo merena hasil, atoech koe oerang koedoe dibere tempatna noe oetama, sina merenah.

Saratna pikeun ngajakeun eta "pasamooan" laiu mokaha, taja panginten tjb. woengkoel mah tiasa ngalaksana-keun, margi saperkawis elidna teu seueur; kalihna kantorbisina sakitoe laipna, geus tangtos kasna oge kore-das, masianan tjara deungeun-deu-ugeun dina sagala roepa teh ngan oelin di loehoer bae. Nja kadjab i oepami sadajana para djrg. dje. oerang Soenda noe aja di wewengkon kabopaten Tjandjoer, noe parantos nogag sagalana hoeripna sareng hiroepna kersa djadi lid Psd. kalawan masihan kantorbisi noe rada beukah, manawi tiasa oge kadjadian.

Djrg. djrg.! Perloena oerang kedah ngadogohau soos. koe andjeun parantos teu kedah dikali tjatjingkeun deui, da parantos nembres.

Ajeuna oge ari pikeun sapalih pali-heun mah nja parantos aja, ieu boektina "Harmonie" namoeng da eta ari pikeun elid noe pantar koe ring mah teu weleh toempang sirang tjoe mariptip, oepami sae loba omong mah. namoeng sanes pitjarioseun, ieu mah saeranggeun bae, oelah betoes kanoe sanes.

Dina sakalieuun aja roeng-rioeng tjampoeran teu weleh djiga hajam panjamboengan, kampad-kompod, ing-gis koe bisi rempan koe soegan, ma-loeloe bae entog paboeur djeung soang Geuning ari entog mah sorua oge ngan oekoer hos-hos-hos; koemaha ari soang mah hoang-hoangug. mani goeuman.

Karesep atoech seueur noe teu smi itoe mah dangsa, ari noe "kieu" mah ngedjoged, noe jarasa, "ngibing" ngaranna.

Tina karesep nepi kana kabekui teh seueur naker zapoetna, Geura tjebi-tjebi bae ajeuna moendoet tjile-koh noe seueur gegedohna, saguj aja. Dina keur abral obrol maal tiasa sila aneplak da soelaja tina adatna. Sakitoe toempang sirangna teh, kono noe djadi papatih goah mah geus teu kedah ditjarioskeun deui, malah pikeun sapalih mah ari los ka dieu teh, naraka maloeioe, ngan awahing koe kapaksa koe "koemaha" bae.

Ieu noe dipihatoer teh kakeoerang laloessanana. namoeng koemaha oerang (anoe kadada) perloe tjampoer djeung itoe?

Atoech kantenan perloena mah soepados oeninga kana tata basana saeutik-eutikeun, pikeun associatie ooster-ling en westerling, geusan hiroep koemboeh tea. Kiteo deui noe sabu-lah ti ditoe atoech, oelah sina toema-moe teuing kana adat istiadat oerang soegan djeung soegan matak marima hat ka doena. Koe margi kiteo dja-di perloe oerang kedah tetep djadi elid di dieu, ngan ari keur di dieu mah oerang teh koedoe djadi toean, sarta makea menta dianggap toean, margi ati toean mah kasuseueurana sanadjan sakoemaha boeilna roe-dinna oge, teu weleh njeboet "ja me-ner" sareng "neen mener" teu wa-

ni njeboet ngaranna woengkoel.

Djrg-djrg.! Tadi pisanggem teh moeng sabagian amoe leutik pisan anoe tiasa toetoeanan teh doepi kasuseueurana mah teu tiasaun, margi roepi-roepi noe djadi margi. Bagian ieu mah noe panggedena estoe teu karagoengan pisan geusan wawanohan atanapi soekan-soekan, ngan oekoer njerangkeun ti noe poek bae.

Eukeur mah eukeur bestuur Psd. ngemoet ngemoet pikeun pitempateun-elid elidna, katoeroeg toeroeg emoet-ka kapala bagian noe ageng tea, atoech-beuki ajoso bae gadoeh maksodna teh.

Kadjab i ngemoet-ngemoet kanoe-bieu teh emoet deui ka partikooliren-anoe pantes tjampoer dina padjemoe-han. Panoehoeun ka sadajana oelah diloei loeli!

Oerang oge toedjoean teh kedah sapertos soos Europa, geuning elid-elidna tara toekoeh padamel goepere-men bae, nanging gulo saba noe kersa, malah geura ari ngingal noe ti pagoenengan ana soemping ka dieu teh mani . . . estoening mani matak bengong, nepikeun ka oerang dajeh mah tampolana

Tjing ajeuna mangga sadajana oerang sasarengan ngasongkeun partikooliren tea, oelah sina misah teuing, oerang toengtoen, oerang toeoen kanoe tjuang, kana pertengahan, da-toenggal kamadjoean keneh.

Djia. koering ari emoet-kana kasamporetan ngan bati ngabagegel hoeloe angen bae, napsos anggoeng-goeneng, ari sarat langkoeng-lang-koeng ti waloerat Toengtoengna bakating koe biugoeng teu tinea soe-sah teu bisi, nja gadoeh emoetan ieu-noe bade dipioendjoe.

Ditoker sapoeleoh kali, tjarek wi-wilangana, Pasoendan rek moent-tang bae (pungapoenten aanhalen tina goeooritan) Ka saha moentangna?

Teu aja lintang kadjab i ka (Kdj. Dalem). Kingkesing pioendjoe moeng njoehoeunkeun diaupihan, doepi dhibaran ditangtjoeungan mah ajeuna oge miras teu kirang-kirang, moeng sesah njembahkeun noehoe-na bae, sesah pisarateunana.

Anoe parantos kaerong koe bestuur Psd. malah djadi lalamoeuan, sok ta-da tamen saena, kilanglara oetami mah, oepami Pangledjar dihoendang-keun deui pikeun saheulaanan bae, engke ka pajoen gampil ngoetamian mah. Awon-awon bae mah, pikeun oerang soteh, parantos jagi media bola aja ngadjoengking parabot sa-prakeun sajagi. Eta tjenah teu aja keur ngitja djangdjang meber-meber soder, atoech gampil kantoen hepasan loeloeunjanan bae. Nilik bari ngeusi.

Djadi oepami deg ajeuna oerang ngadegkeun teh djiga maal sakoema-maha piongkoeunana, sarta pika-pajoeneunana asal seueur elid elidna anoe tjinta kana pasamoanana sarta satia dina oeroes-oeroesan kawadji-banana, tangtos lami lami tiasa ngabeu kaban.

Ari anoe djadi njawana pakoempoe-lan teh soemawonten ari roemah bola mah teu aja sanes kadjab i artos. Pikeun ngajakeunana artus teu aja deui djalanna moeng koe kantorbisi, oerang mah, anoe mawi kedah seueur elidna sareng tjinta kana kempelana-na. Koe artos mah tangtos tiasa njoemponan kana sakoer noe dipi-angen-angen koe elidna. Tjindekna kedah aja betel soepaos tiasa betel.

Kasakit Pangledjar oge uja ieu pisan, noe mawi dongkap ka ngadjoem-palika teh. Djabi ti ieu dina mandorana deui, tara sapoensa aja, koe margi teu dipaparinan geusan matoeh tea. Malah sering kadjadian, anoe ha-de ka roemah bola njampak disosi, atoech kapaksa asroek asroekan heula ka sisi sisi Tjandjoer ngilari sisi ne-augan boedjang. Oepami ditanja (di-aanmerking) naon sababna, seueur pi-san geusan ekol, neda heula tea, wangsol ti tjai tea sareng roepi roepi.

Di oerangna atoech teu bisa koema-ha margi redenna sannemelijik.

Geusan ngadjadi bilih aja kadjadi-an kieu teu aja saues kadjab i sa-perkawis mandor teh kedah aja geusan mabeuna, kalihna oelah saerang noe ngadajuga, kedah aja kenekua.

Ieu noe dipihatoer teh ngadjadikeun kirangna anoe soemping ka Pangled-jar, koe sieun njampak dipendeutan-tea, katoeroeg-toeroeg djabi ti kiteo-teh djalanna belot.

Oetamina mah oepami engke pa-rantos aja kamadjeunana oelah njingkoer, nanging kedah njantong-ka djalan sarta tjaket ka Kabopaten.

Oepami ti ajenna barang deg ngilari tempat sapertos anoe disebut bieu tea, tangtos kedah ujeua anoe sakirang-kirangna f 40.— sasasih. Djabi keur majar boedjang deua anoe moal kirang ti f 25,— djol deui tja ang oepami f 25,— deui sareng kaperloean boeboek leutik noe sanes mah kajaning serat kabar sareng serit minggoean, roepina moal kirang ti f 100.— Doepe pangasilan ti noe sanes saheulaanan moal patos aja, da medja bolana atoh sakitoe kaajaanana, boepet di soos oerang mah lain andolkeuneun da lain toekang nginoem ongkoh, elidua teu bisa borak-borak ongkoh, da pangasilan bangsa oerang mah teu deukah tjara ta-toer.

Djadi pikeun ngaloeurkeun sakitoe teh estoe di oerang mah ngan ngandelkeun katorbisi maloeoe, ari lalahar soos priboeimi, tjtjukan soos ieu oge anoe elidua djaregoed, katorbisina mah dina saboelan ngan oekoer f 100.—

Tadi oge parantos dipihatoer oepami Psd. pribadi mah kedah ngadamel taja panginten kaawakaa, margi oepami diratakeun saoraug f 0,50 oge majar katorbisina, manawi moal aja f 50 eun, mangkang dina oenggal-oenggal sasih kedah ngaloeurkeun ratoes, beuki taja panginten bae kabedagna.

Koe margi eta tjuidekna pioendjoek teu aja sanes Psd. mah moeng bade soemerah njombalkeun diri ka Kdj. Dalem agoengna, singgetna ka para djoeragan-djoeragan, bade dibeuureum dibideung kabeh-kabeh ngiringan pisan.

Sapedah kitoe tjoktiroekanana, oepami werat mah bestuur Psd. hejang njanggakeun voorstel ka vergadering: Prak ajeuna ngadamel comite van oprichting dipresidenan koe djrg. Demang Wira di Atmadja kalajan ditangtajoengan koe kuj. Dalem. Pieli-deunana noe sanes njanggakeun kersana vergadering.

Damelna ieu comite njacta:

1e. Pikeun ngajakeun atoe-atoeana (reglement).

2e. Pikeun nampi sakoer noe bade djadi elid.

3e. Pikeun ngadamel begrooting-sabaraha piongoseun ngadangosan roepi-roepi.

4e. Ngambarkeun ka mana mendi, sareng kaperloean djabi ti eta.

Mangga njanggakeun, meungpeung seueur noe teungtreung makalaj soos priboeimi, da oepama diengkeun disoekkeun mah lapoe. kaboe-djeng pepes, kaboe-djeng leumpeuh. Sagala roepi oge ari paratos paler mah sok tara djadi.

Samboengan

Walonan sadjarah Siteo

Tina keukeuhna peroendjoekan oerang desa Balokang, disaer deui nja djsim koering ngabantoeu gambar desa taoen 1897 djaman kadaster.

Tjariuna bae alam eta mah kadaster teh katjida kawasana ngarobahau wate: desa boektina desa Siteobatoe oge katambah koe desa Pasiroungit kiuten 300 bae, sareng djiwa salemboer seueurna 100 teu madjah koe-maha.

Andjeunna ngadawoehkeun eta siteo baris diloeoeran tambakauana saelo, sanggem djsim koering teu djadi sawios, moeng bae salamboer Tjihoute kinten 50 imah, sawah sareng kebon legana kinten 60 bae tangtos ka keuerm, koe tambakan njruus oge oepami oesoem bandjir mah tempo-tempo sok oengguh ka lemboeur. Nja ngadawoehkeun koedoe dipelakan laeok koe desa.

Oerang desa Bandjar sareng Balokang kantoen sisidoeunana, pedah di pelakan laeok koe oerang Siteoba-

IMPLIK-IMPLIK

Kembang Sedepmalem.

(Moeng kanggo S. P. bae) koe K.M.

Samboengan S.P. No. 52

„His aja, keur netepan. Tjindekna koering mah moal tiassa bae kang nadjan itoenana ka dieu soemping oge, ah narab; alim!”

„Na koe naon?” tembal koesir geus meh teu sabar deui.

„Teu koe naon, keur teu pareng bae!” bari rek meudentan djandela.

„His djoeng oelah kitoe, asal strelol-

toe, madjahkeun sawah di eta desa djadi gariug, mangga bae tingali! Oepami moesim galoea tambakauana tara kantoen limpae, sawangoeina moesim halodo palajanganana tara ngotjor leutakna oge tambong, tam-polana oerang lemboeur Tjihoute oge sesah koe tjai, moeng bae sawutara oerang desa Balokang, teu tiasa samemena lintar sapertos kapoengkoer poengkoer margi didjagi (kedah mesi)

Emoetan djsim koering noe bodo nadjan eta siteo ditetepkeun djadi milik desa oge teu djadi pambengan, da desa sareng nagara teh taja beutenna wondening bade dianggo koe nagara kana goena oemoem atoh sahaha noe bade ngoretkeun kabeh-kabeh oge aja babasan tanah ratos, batan tjangaplak teu kantenan mah, ka desa aja hasilna, ongkoh padjagna kenging.

Sareng koe panoehoen djsim koering, kanoed djadi wawakil somah dina roepi-roepi hal, oelah nganggop ka sabaulah bae, moeng kedah asak parios, da di mana-mana oge sami ab-dina Kangdjeng Gouvernement pada gadoeh raos sareng teu raos. oepami di pasihan terang heula matak naon moal moengpang, di siban-saban desa oge pada aja kiasman bilih bae eta pioendjoek teh kabaoeran sirik pidik.

Djsim koering poen

Loerah Siteobatoe.

N. B.

Djsim koering asal oerang desa Bandjar, kenging disebut beuti Bandjar geura manga papaj. dina Sipatahoenan geus pirang-pirang ngiring ngamoet soepados kota Bandjar djadi hardja, babakoena sesah koe tjai dina oesoem katiga, dina moesim bandjar mah teu kajahaneun, ngan koe paningal djsim koering tjai ti Tjibeureum Tjipiangeun, teu laloeasa ngotjorna dina moesim bandjar, djalaran solokanana tauggeun, da ari oesoem halodo mah, boeljang-boedjeng tiasa ngotjor ka desa Bandjar, hoeloeua oge saraat.

Berlanggananlah!

„ORCAAN PERDATA”

(Orgaan Perhimpoeaan Dagang dan Tani)

dikeloearkeun sabau tanggal 1 dan 15 tiap boelau oleh

H. B. PERDATA

Oude Kerkhofweg 34 BANDOENG.

Harga langganan boeat 3 boelan f 1.50

DOCTOR SOEKARDJO

Heerenstraat No. 18

(Poengkoereun Masjid)

Nampi tamoe oenggal

dinten.

bae tepangan toeh didjafan sing hawatos, teu sawios teu kersa ameng mah asal sakedap bae tepangan, mangga enggal bilih kaboe-djeng koe iboe.”

„Ah, moal nadjan sakedap oge narab, mangga ngilari ka noe sanes bae, poma oelah maksa ka koering.”

„Sanes bade maksa noe teu keresa Neng, atoh manawi bae aja loentoe panggalih eneng kersa nepangan sakedap mah, oelah panasaraneun teuing djeung tangtos eneng oge moal handjaka, mangga.”

„Oelah beudoe bae kang, koering geus soempah ka iboe moal rek kamana-mana oepama teu aja idin sepoeh.”

ADRES noe parantos KASOROR

DAHJAN

Toekang Mas Roemah No. 18 Tasikmalaja.

Ngitjal roepi-roepi perhijasan tina mas sareng perak sareng nampi padamelan, sapertos: Ngadamel pinggel penitih, telepen sareng sanes - sanes deui, ongkosna kenging mirah padamelan di tanggal sae sareng enggal.

Ngitjal roepi-roepi erlodji. Sapertos: Erlodji sakoe, erlodji tangun, tina mas, perak alpaka merok election sareng sanes-sanes deui merok mangga djoeragan-djoeragan enggal saroeumping, soepados kaenging.

Tina tentoonstelling Tasikmalaja parantos kenging Medall Mas.

EEREDIPLOMA

Toko SOENDA

TASIKMALAJA.

Telefoon No. 56

Ngawitan dina ping 20 Maart prattos disajagikeun roepi-roepi sepatoe, siup sardel, troempah, anoe didamel tina Crepe rubber, oepami anoe tebih kenging pesuu koe serit asal disebut nomerna, doepi kaktianana teu kantoen dipoedji deui, margi parantos pada oeninga.

Schoenmakerij en Kleermakerij

„Malah Mandar” Stationsweg 21 Tasikmalaja.

Tiasa nampi pesenan (kengenan) ngadamel roepi-roepi rakoekan anggoeun pameget atanapi moerangkali mo-dela tiasa noemoetkeun sakoemaha kapalaj, sareng disajagikeun roepi-roepi lawana.

Oge njaaglan slop-slop, sendal-sendal spatoe-spatoe ketoe oedeng model Djawa sareng Soenda Kopeah boeloeoe noe kasar sareng noe sae.

Hoermatna noe ngantos pesenan poen

O. Sasmita.

N. B. Toedoeng Panama noeidamel tina palm f 8,— „djaki f 2,50 strobin (pamoelana) f 0,25

TENTOONSTELLING

sareng

PASAR MALEM DI GAROET.

17—18—19—20—21 Juni 1926.

Kekengingan tataueu ugoeroes sasatoen karadjinan oerang Soen da harang koeno.

Krontjong concours — katjapi concours — worstelwedstrijden — maen bal D. Bruinen ti Bandoeng — Openlucht bioscoop Ogel E'on ssdjl.

Programma kenging moendoet ti Hoofdcomite Garoet.

„Sing emoet bae ka noe parantos ti pajoen”, tembal koesir bari semoe ngolo-ngolo: „naha teu emoet djoeng basa tepang sareng sakitoe ujanangkoeun manah kapan. Tah ajeuna bade katampang deui.”

„Nja eta neemawi teu tiasa oge ajeuna teh lantaran emoet kana laeok lampah sorangan anoe enggeus enggeus, ajeuna karasana, saeutik noe dipambrih sedeng bahlana sagoenoeng goenoeng.”

„Euh djadi eneng teh ajeuna geus lebet santri aoe sadjati, atoh ari tjara abli mah moeng samoeing doenga bae, moegi-moegi eneng sing loeloes moeloes di lebet sawerga,

peupourieun abdi bakal djadi eupan naraka mangga bae atoh eueng abdi pamit.”

Ngan tiloe langkah kang koesir malik deui ka noe dina djandela: „Ke ke agan, koemaha oepami itoe djoeragan anom bade nepangan ka iboe, naha bade ditampi? da sanes noe han, toenggal kaneh sadarah djeung eneng.”

„Na saba tea, kang?” banguen anoe kaget.

„His koema engke bae, atoh mangga tjek abdi ge tepangan heula, keun djalan sawerga mah engke oge kapendak deui”, tembal koesir semoe goembira, aja keneh harepanana.

„Tapi ari ka litoe mah moal tiasa,

ngan oepami bade ka iboe mah soemangga teu aja pamanganana nadjan wengi oge, abdi teu tiasa nolak noe bade mertamoe ka iboe.”

„Na dina, sado, geus meh beak saha aul koe lila teuing, geus weloh soeat-soeit minangka ngawawat-geuwat, tatjan tambong keneh bae. Ana breh teh koesir ngan sorangan, teu kira-kira bae kagetna, meh poeloes harepanana: „koemaha bedja?”

„Beu gan, kedah ka itoe bae aganna, weloh teu kenging koe boedjoek aloes, doeka naon pamanganana, doeka pedah kamari ieu tea ngalamot tjeroek,

(Aja samboenganana).

Dr. Tan TJOEN HAIJ

ARTS.

Di Kebondjoekoet Zuid Bandoeng, tjaket tilas boemina

Djt. Dr. Sa'eh Marhoem

Waktosna.

Endjing-endjing 7 - 9

sonten

4 - 5

FROM

TABIB FAZAL MOHAMAD

HINDOESTAN'S MEDICINE SHOP

TJIHIDEUNG No. 14 TASIKMALAJA.

VERKLARING.

Anoe nanda tangan di handap ieu R. H. Achmad Cartobie di Tjitapen Tasikmalaja nerangkeun kamandjoeranana oebar ti Toko Fazal Mohamad di Tasikmalaja. Anoe geus ditjaba koe sim koering babakoena tina perkara oebar panjakit Ambej. Ieu panjakit noeroetkeun kajakinan bangsa Tabib jen koedoe dibelek (operatie). Tapi sanggeusna sim koering dioebar koe ti Toko Obat Hindoestan noe kaseboet di loehoer, bisa tjageur teu di belek deui.

Djadi kasanggoepanana eta obat noe geus disebarkeun di soerat kabar estoe beurna, toer ougkosna moerah pisan, lamoen dibandingkeun djeung bangsana panjakit.

Tanda taugan noe kaseboet di loehoer

H. A. Cartobie.

Jang lain dari itoe ada banjak jang kasih poedjian saperti:

Dari; Toean Buirger Noesa Kambangan Tjitjatap.

Toean Moh. Bawasir Tjitjatap.

Hadji Abdoel Hamid Tjitjatap.

Toean J. A. Tan Djokjakarta.

Toean Basiroean Delangoe Djokja

M. Prawiro Djokja Toegoe.

M. Soekantapradja Kalangsari Tasikmalaja.

R. Wiria Mauondjaja. Toean M. I. Pieters Koetoardjo.

M. Soma Tjigedoeg Garoet

SIK DJOEN KWAN

TOEKANG CICI

Tjihideunggede No. 23 Tasikmalaja.

Teu aja deui angen-angen sadajana, jen di doeuja palaj hi-roep senang sareng kasehatan, dina barang toeng kapalaj teh anoe parelem anoe raracs bae. Handjaka tina hal barang kasehatan waos mah, margi sakoer anoe di toeng eta sajaktosna nambihan oelah, teu karaos njarelapna dina waos, lami-lami ugagoendoek ka lebet doegi ka kadjadian njeri waos sareng koropok.

Di dieu bade diterangkeun, jen kasawat waos oepami teu ditoeleung koe ahlina (dokterna) moal tiasa sae, katoeangan anoe teu antjoer pisat ngadjadikeun kasawat lalendeng poeing, nyeri patoerangan, seak napas, eungap, teu aja nepoe kana harang toeng sareng sanes-sanesna. Ieu saaja kasawat moal tiasa sae leres-leres, oepami waos masih teu sehat, ngandoeng pirang-pirang oelah.

Ajeuna sim koering di dieu parantos ngadeg toko noe njajagikeun roepi-roepi landong waos, anoe koemaha bae tiasa dilandongan koe sim koering kalawan ditanggul.

Nja kitoe deui njajagikeun waos palseo, pslen, toelang, perak, emas saniskanteu aja. Ngaratakeun waos ngaberesihan sareng ngagilapkeun soepados sareng sapertos kilat kumargi kieu, tangtos djadi ugawoewob tjahaja.

Njajagikeun deui panon palseo, oelah salempang. Djoeragan djoeragan istri dilandonganana koe njonja, nja eta poen bodjo,

Anoe ngantos pesenan a saroeumpingna, **SIK DJOEN KWAN** Sarimbit.

Samboengan.

Nista wong angoetjap, oetama wong ameneng.

Nanging lelesna mah nja masrahkeun deui. bae, da kitoe tjiptaan angen-angen ati mah.

Ari djoedjoetan: Nista wong angoetjap, oetama wong ameneng. Tjek koering: Ngomong teh ngomong koe-maha, iraha ngomongna? da ngomong teh aja noe kaseboet goreng, aja noe hade. Ari ngomong bangsa kahadean mah, dimana gorengna?

Kitoe oge loear tina ngagoengkeun atawa ngagoelkeun maneh, da ngagoengkeun batoer oge, ari henteu di enjana mah, kuasep njindiran, malah tempo-tempo dienjana oge, sok aja noe teu panceudjoeun diagoengkeun teh.

Memang, lamoen ngomong sadaek-teu kalawan sasarian saugkan panceudjoe djeung noe lian, atah rampa teu make doedoega, matak pikajer-eun batoer, eta kaseboet koerang boe di, koerang pikiran, terang soesah katjida sangkan losjoe dieung noe sedjen; angot dina rioengan-riueangan asa ieu oge perloena teh kawas dina bangsa rioengan. Hidji djelema keur njarita, poegoeh-poegoeh tjan angeus oerang gantjang ngadebat atawa nje-la omongan, atawa dina anggeusna, teroes ditjawad, pisakoemahaeun dina batinna.

Lain deui lamoen oerang dipentaan timbangan atawa geus iklaseun anoe njarita aja pamentana soepaja didebat ieu roepana kolom hade. Koemaha anoe boga pikiran koerang seukeut, angot eta mah anoe boga watek bibi-asaan, goeminter, lolobana salah badis, nja ieu boa nista wong angoetjap kome djeung sok make dieungseuri-keun mah, didinja nistana, da koedoe asak tea mikirna. Djadi ana kitoe oetama wong ameneng, estoe koedoe asak rampa, pandjang djeudjeuhan, nja pandjang pikiran, pendekna koedoe pinter tea bae.

Eta paribasa, geus lawas pisan, ti baboula, nja keunana oge ka djelema beh ditoe, anoe sadaja pada taringali an djaman beh ditoe kamashoeur dje-mana baraydo keneh. Koe lantaran eta tea, koe wangwangan moal boa marakena dina ngaloeurkeun ketajap-ketjap atawa omongan garaga-bah, lalawora, geus soemawonna nimbang-nimbang pikiranana, saralah, teu panceudjoe, riboet, roesoh.

Nja noe rada loehoeng panemoena, roepina bae, boga ingetan njeun paribasa kitoe. Nista wong angoetjap, oetama wong ameneng; meuing soteh bisi koerang panalar. Nista djeung oetama teh, oerang-oerang keneh anoe boga lalakon. Tjek kolot: Tjekot noe sigar tengah bae. Djadi oerang koedoe bisa njokot (make) madija satengah-na tina djoemlah nista djeung oetama. di oerang teh aja nista djeung oetama, lamoen bisa ngadjaga nistana timboel kaetamaan.

Aja udat di sepeeh mah, moen teu dipenta kaieoeng panemoena, atawa ana ngadagos anoe papadoean bab pamanggih elmo, tempo-tempo ditaros oge koenoe sedjen, sok njebat-keun teu terang bae, kadjeun disoboet-neun bodo. Tah kitoe toeljeuna kolot beh ditoe. Da timbanganana teh, mending - mending moen sapagodos. Kakarek betoes koedoe koe anak sarta koedoe kalawan dipenta. Nja didinja sigana doemoekna oetama wong ameneng teh.

Ari pitjeun oerang mah, kolom djalma ajeuna, sakoemaha noe parantos disiebat di loehoer bae, perloe amat djeudjeuhan, toer sopan deui. Teu langkoeng djrg. Redacteur enz.

Wassalam
W. S.

Loterij Pasoendan Tasikmalaja.

Anoe kenging 1e prijs nja eta R. Ranoeatmadja Bandoeng. 2e prijs (teu atjan aja katrangau).

3e. prijs M. Atmawiria Loerah Soekasoekeur Tasikmalaja.

4e. M. Sastratmadja M. G. Tjisa-joug. 5e. R. Ewoes Garoet. Djabi ti eta roa deni anoe meh sapaalihua prijs prijs parantos ditjaranlak.

Djemoetkeun sakali deui, oepami eta prijs-prijs di lebet 6 sasih (doegi ka 13 Desember '96) teu atjan ditjarandak, djadi milikna Pasoendan: Tjibang Tasikmalaja.

't Bestuur.

Nista wong angoetjap, oetama wong ameneng.

Dina Sip. No. 49 aja karangan Djoer Moh. Ambri, kalajan alamatna Pinandita, anoe di dadarkeunana ti-a hal paribasa Tjirebon. Kantenan soem-rep pisan kana ati sanoebari, Meung-gah djsim koering oge kantenan ngi-ring kapiraos koe bangbalikanana bet kana mamatahan maneh, doegi ka aja emoetan adjrih, enggoning noelis dina Sipatahoenan oge.

Kantenan pisan lebah eta paribasa, mang nista sareng oetamana bae anoe lebet, amoeng madjana diliwat, atoech kantenan pisan kedah kapanggih koe sorangan mah, ari margina sadaja anoe silo sarta samar kana diri aja di tengah-tengah, njaeta madja tea, kenging di misalkeun antara, oepami eta antara (madja) teu kakoreh sarta ka toelang, nja tangtos teu oetama, boh naon bae, enggoning ngodeg (njoerah bener) ieu oge sim koering roemaos malik ka diri, margi ngandoeing paham kieu, kaiaam rek antaina kana keretas teu mokaha, margi eta ki arek anoe talekeun teh, tegesna madja tea, oepami eta ki arek (madja), geus sampertha sarta sidik sak-sina, nja nembe heulakeun gelar nista, dongkap ka oetama, geus kanteun papasrah sarta pertjajaun madja, samalah geus teu kedah oeni hoeroepna soemawonten woedjog, da mohal teu aja madja, sarta mohal teu aja pad-dah noe peuting, nja eta moeng kedah kapendak koe andjeun tea. Lebah dieu sim koering tengah-tengah njoewoen hapoentan ka Djoer. Moh. Ambri, ari margina koemawonten tjoemonggah, njaeta bilih teu piasrah galih.

Ajeuna nembe njambeung deui saeutik, oepami ditatak ka handap karangan Djoer. Moh. Ambri kantenan tjarotjog pisan, amoeng!! eta dina lebah pamarosan keur naon anoe? keur naon anoe? Roepina bae eta kieu saues nitah piteu teu oeni ka dengena, amoeng, djejem ka Paradij lahir batin, mangga lenjeapan. bari madja malah sok radjeun korsi ngarioeng medja, korsi idi areusian koe djelema, ari manoesa dimana tjalikna? Malah radjeun deui bae, enggoning tjaralik dina korsi, bari aremoet kana majoeuan paradij lahir batin, boe kitoe Djoeragan! ari koe hal bade di soeroepkeun mah kana eta paribasa ieu hodjah sim koering sadaja daja koemaha pameudak djoeragan bae. Lakoe satindak oedjar saketjap paraloen

Djajamihardja.

K A B A R.

(keur noe teu matja a. k. Walanda).

Aneta mere kabar jen dalem-dalem djeung lid-lid Friboemi P. E. B. sawareh lid Volksraad tetep kapertja-jaanana ka P. E. B. sanadjan sakoemaha gorengna oge noe ditjaritakeun dina rotalen, tingali Sip. No. 52. Ieu kabar aja noe ngabantah.

Di Tiongkok baladna Sjansi perang djeung baladna Koo Min Tsjoen. Sabagiau baladna Woe Pei Foe merangan Koo Min Tsjoen. Granat balad Sjansi ngabitoekun goedung obat Koo Min Tsjoen di Tanoeng. Di Kalyan poeseurna Koo Min Tsjoen bedjana kakoerangan bakaneun.

Wellington Koo djeung Minister-Minister noe sedjen geus ngadjalan-keun pagaweanana.

Bank Suriname menta toeloeng keur Suriname, lantaran katjida teuing halodona nepi ka ngarogikeun f 7 malioen.

Kontrak (verdrag) Nederland djeung Duitschland sigana bakal ditarima koe II de Kamer, tapi kontrak djeung Belgie mah moal.

Wet padjeg sigana koedoe dirobah onja-enja.

200 koeli di Hamburg dilepas lantaran kakoerangan pagawean.

Begrooting Hindia tambahan tita perkara torpedojagers, ngadegkeun imah-imah di Bandoeng ngabeoem pangoengtoen agama Kristen dina balad geus ditarima.

Minister Koningsberger djangji bakal ngoeroes pangoengtoen agama Islam keur matros-matros, oepama

voorstel ti Hindia geus datang ka Nederland.

Minister-Minister di Prantjis sureun. Briand aia ngadegkeun deui Minister-Minister, tatapi teu bisa lantarao Heriot leider Radicaal-Socialisten teu daek miloe djadi Minister.

Di Smyrna aja pagoejoeban rasiah noe maksedna maehan Moestapa Kemal President Toerki ajeuna.

Sultan Toerki panceudjoe Mehmed Nakid-Eddin Chan VI noe diboeboerak ti Toerki ajeuna geus poepoes di San Remo (Italia).

Di Portugal ajeuna make wet perang (krijgswet). Da Costa, Cordes djeung Camara djadi djempol-djempol njekel paparentahan.

Di Moskou aja meeting kacem boeroeh lantaran aja protes Inggris ka Rusland, lantaran Rusland mere doeit ka noe mogok di Inggris.

Mr. Zimmerman oeroet Commissaris Volkenbond di Oostenrijk dihormat di Lagerhuis Inggris koe Chamberlain.

Ngabagikeun kaentoengan bersih Mij „Oost Java” 50 1/2%, Goenoeng Malang 56%, Praeanger Landbouw Mij 120%.

Di Volksraad T. 's Jacob (P. E. B) teu moepakat nsekkeun padjeg beja kertas sigaret, Goepereimen moal nampa f 4 malioen, lantaran barga kertas sigaret tangtos katjida mahal-na, sarta djelema moal mareuli kertas sigaret.

Toean Schreider mawa 4000 Meter kertas sigaret keur saksi ka gedong Volksraad, njeboetkeun, jen padjeg beja kertas sakiu reana teh ajeuna mah 55 sen, tapi engka mah padjeg bejana djadi f 2350. Tatapi ieu teh katjida sawutik naekna keur harga sigaret mah ngan pabrik noe rek tigoeling noe teu bisa moelojkeun pagaweanana teh.

T. Schmutzer (L. K. P.) njawad politik madat. Pamarentah bajangana ngan nambah kaentoengan, teu daek ngabasmii noe ngamadat.

Djoeragan Soerose menta soepaja lisensi madat oelah ditjaboet, sarta ngabasmii noe sok mawaan madat gelap.

Batawi 22-6-26. Harga karet sa pond f 1,07 1/2, kopi sapikoel f 51 1/2, di Soerabaya karet sa pond f 1,07, goela pasir f 12 1/2, kopi f 63 1/2.

WAROENG „PERLOE”

di LENGKONG.

Sajagi sagala roepi kaper-loean sadidinten:

Sanaos waroeng alit, nanging pangaos sami sareng toko ageug.

Diboeka oenggal dinten ti taboeh 7-1 sareng ti taboeh 3-8 souden.

ROEKANTA.

Ngilari sareng enggal lebet kana damel 2 istri toekaug Bor-duur anoe parantos paham ngadamel reksoekan njonja-njonja

Tiong Hoa.

Serat serat katrangun parantos didamel di mana mana kerlah dilampirkeun sareng dina lamaraan kadah nerangkeun sabaraha moendoet gadjih.

Noe ngantos Njonja Geuw Na Hian

Handelstraat Buitenzorg.

TOKO BOEKOE
M. J. PRAWIRA WINATA.
Katja-Katja WETAN 192 BANDOENG.

ENGGAL POENDOE T SALABARAN

Wawatjan Sadjarah Ambia.

Hidji boekoe (kitab) anoe kedah dipoesti poesti koe sadaja Kaom Moesimin anoe iman ka Pangeran. Eusina njarioskeun ti ngawitan Goesti Allah ngadamel: Noer Mochamad, Hidjaboel rohman, Djoeh kwai, Sawarga, Malaikat, Widadari, Arsa, Koerni, Lohmahfoed, Loh kalam. Sadjaratoelmoentaha, Lakalhamdoe. Naraka, Alam laeot, Angin Toedjoeh lapis langit, Boemi ping pitoe, Dingdingjalal, Boelan, Bentang, Srangenge, Bangsa Djan, Iboedjan, Malaikat Idadjil Tapel Adam, Nabi Adam, enz. enz. toetoeog doemoegi ka poepoesna panoe-tan oerang Kangdjeng Nabi Mochammad s. a. w.

Oepami parantos maos salabarana kanteun ngamanah-manah.

KOOPT EN VERKOOPT TWEDEHANDSCH BOEKEN.

Moderne talen. Werken op elke gebied.

Boekenlijsten gratis.

TOKO
Universeel Agentschap
NIC MULLER
TASIKMALAJA
Goenoengladoe No. 15
Telefoon No. 26.

Ngitjal sagala roepi laudong patent Pilaudongean (Chemicalien). Anggoer obat. Roepi-roepi kembang goela. Roko -Soeroetoe - Sigaret. Tjelep (sipoehan) roepi-roepi. Ngilari di tempat ageng Agent noe bade ngadjoel obat-obat, sareng djelema noe naungoeng ngoeriling dagang obat. Noe moendoet prijscourant dikintoen gratis.

Hoermatna
Nic. MULLER.

EMBARAN.

Maparin terang di kantor Kaboepaten djeung di kantor-kantor Kawadanan di afdeling Tjiamis, diadajakeun pikeun soegri noe bajang terang ontwerp-ontwerp noe kaseboet di handap ieu.

1. Ontwerp hal ateraan ngajakeun djeung moengot padjeg pasar - pasar didjero Kaboepaten Tjiamis.
2. Ontwerp hal ateraan njeun djeung ngadjoel roti di djero Kaboepaten Tjiamis.
3. Ontwerp hal ateraan pasar-pasar noe diadegkeun koe djama atawa koemposan-koemposan partikoeur atawa desa-desa di djero Kaboepaten Tjiamis.
4. Ontwerp besult hal angkatan-lepasan djeung kaentoengana pamarentah desa didjero Kaboepaten Tjiamis.
5. Ontwerp hal ateraan pasanggrahan-pasanggrahan didjero Kaboepaten Tjiamis, djeung
6. Ontwerp besult hal ateraan Loemboeng djeung bank desa didjero Kaboepaten Tjiamis.

Ontwerp-ontwerp ieu tiina digalahkeun di kantor Kaboepaten Tjiamis.

Tjiamis, 8 Juni 1926.
Boepati Tjiamis,
SASTRAWINATA.

BADE KALOEAR dina sasih September 1926:
„EMPAT BAHASA HINDIA”
Boekoe pangadjaran pikeun diadjar sorangan bahasa **WALANDA-MALAJOE-SOENDA-DJAWA.**
Karangan **L. A. LEZER.**
Katerangan kenging gratis oepami ngintoen adres ka **Toko boekoe L. A. LEZER Tasikmalaja.**

Vlechterij „LUX”

Sajagi roepi-roepi karadjinaan tina anjaman noeroet model anoe dipikapalaj koe djaman. Damelan kenging diabeunkeun, pangaos sedeng. Mangga tari-ngalian. Moendoet kanggo itja-leu deui sae badanten.

Hoermatna
anoe ngantos-ngantos pesenan
Vlechterij „LUX”
Tasikmalata.

TEGELFABRIEK
„NAJA”

Ajeuna di djalan Tjjeunteung tilas H. I. S. Pasoendan

Nampi pesenan roepi-roepi tegel, damelan sae ditangel sareng mirah. Pertjontaan dikintoen pertjoemah, mangga maroendoet sareng tingalian.

Directeur.

Toko en Drukkerij
Pasoendan Tasikmalaja.

Boekoe-boekoe saniskanteun pangadjaran sakola, Bale Poestaka sareng roepi-roepi aosan sepeeh anom pameget istri. Batara Rama I eu II Wang Poerwa (babadna Pendawa).

Tiueunan: Roepi-roepi sareng geroesan, palekat, andoek-andoek sadaja kaloearan Soekasoekeur karadjinaan oerang Soenda.

Tjitakao: Roepi-roepi staat, ondangan sareng blanco blanco. Henteu awis. Sadaja pangaos galib ajeuna mirah bae.

Wawatjan Batara Rama III . . . f 0,50